



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RE-OUVÈTI OFISYÈL PON SOU RIVYÈ CHAUMONT AN NAN KONTE JEFFERSON

***Nouvo travèse a sou State Route 12E pral amelyore sekirite ak rezistans sou  
konektè vital la pou kominote yo ki bò rivaj Lak Ontario***

***Pwojè a amelyore aksè nan sit lapèch popilè ak vi panoramik yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonsere-ouvèti ofisyèl pon ki transpòote State Route 12E sou Rivyè Chaumont nan Vilaj Chaumont, Konte Jefferson, kounye a ke yo konnen kòm [Pon Memoryal Michael J. Finerson](#). Pwojè 26 milyon dola a, ki te kòmanse an oktòb 2022, ranfòse sekirite ak amelyore vwayaj ak rezistans sou yon konektè vital ki ede konekte kominote yo bò rivaj Lak Ontario a epi se yon atè ki enpòtan pou sikilasyon moun, komès ak touris nan rejyon an. Nouvo twotwa, yon platfòm pou gade ak amelyorasyon nan pakin yo amelyore tou aksè nan peyizaj anblematik sit la ak yon kote pou lapèch popilè ki toupre. Pon an se yon moniman lokal ke rezidan yo nan zòn lan byen konnen li pou bèl vi panoramik li sou Bè Chaumont.

"Eta Nouyòk kontinye bay priyrite pou amelyore vwayaj, pwoteje anviwònan nou an ak pouse kwasans ekonomik, e pwojè sa a se yon egzanp pafè nan angajman nou pou konstwi enfrastrikti ki pi rezistan ki pral kenbe tèt ak eleman Manman Lanati yo,"

**Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou moun k ap viv nan rejyon an ak moun k ap vizite North Country, nouvo pon sa a pral rann li pi fasil pou pran avantaj de tout bèl bagay panoramik zòn sa a gen pou l ofri."

Pwojè a te ranplase pon sèt trave ki egziste deja, ki te bati an 1961, avèk yon estrikti modèn, ki gen plizyè pout ki sèlman bezwen kat trave. Kantite redui trave yo ak fondasyon an beton fouye yo pral redwi potansyèl anboutejay glas epi pwoteje estrikti a kont domaj glas ak aksyon vag lakkòz. Nouvo pon an gen ladan tou akotman ki pi laj ak yon twotwa pou pi byen akomode moun ki itilize estrikti a pou rezon lwazi oswa pou admire panorama a.

Gen yon ti zòn pakin ak yon pwen aksè pou lapèch ki toupre pon an ki te amelyore ak yon platfòm pou gade ki ajoute pou moun ki vle peche oswa tou sèlman gade rivyè a.

**Komisè Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez te deklare**, "Ranplasman Pon Rivyè Chaumont se yon premye egzanp angajman Gouvènè Hochul pou l' envesti nan pwojè ki benefisyé kominote yo, devlopman ekonomik yo, ak sekirite ak byennèt sitwayen nou yo. Nouvo pon sa a se yon envestisman sible nan lavni North Country epi li pral rann li pi fasil pou vizitè yo pran avantaj de tout sa zòn sa a – yon bél jwayo nan rejyon North Country a – gen pou ofri."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare**, "Pandan twò lontan Pon Memoryal Michael J. Finerson ki ansyen sou Rivyè Chaumont nan Konte Jefferson se te yon gwo danje ak yon danje potansyèl ki vreman bezwen reparasyon. Kounye a, gras ak plizyè milyon finansman federal ki soti nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay nou an (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law), nouvo pon an pral pi an sekirite pou vwayajè North County yo epi li pral pi rezistan – san blyie travay li pral kreye yo. Lè m te negosye pwojè Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay la, se te pwojè North Country yo t ap tann depi lontan tankou sa a ki te nan tèt mwen. Mwen fyè pou m delivre finansman an pou Chaumont ka finalman gen pòtay li merite a avèk travayè ki byen peye k ap kreye pi bon aksè pou lapèch, nouvo twotwa ak yon konektè ki pral pèmèt moun antre nan sant vil la tankou sa pa t janm ye anvan."

**Manm Asanble Scott Gray te deklare**, "Re-ouvèti pon an sou Rivyè Chaumont, yo rele kounye a Pon Memoryal Michael J. Finerson, amelyore sekirite ak koneksyon sou State Route 12E epi onore yon manm cheri nan lapolis nou an. Nouvo ekipman yo pral ranfòse touris lokal yo epi bay pi gwo aksè nan bote Chaumont Bay. Mèsi Gouvènè Hochul ak tout moun ki te kontribye pou fè pwojè sa a yon reyalite."

**Prezidan Lejislatif Konte Jefferson Ian, Bill Johnson, te deklare**, "Nan non Konsèy Lejislatè Konte Jefferson, mwen ta renmen remèsyé patnè eta ak federal nou yo pou envestisman enkwayab yo fè nan enfrastrikti kominote nou an. Pon sa a enpòtan anpil pou moun ki abite Konte Jefferson. Mwen ta renmen remèsyé rezidan yo ak vizitè kominote nou an pou pasyans yo ak konpreyansyon yo pandan tout pwosesis konstriksyon an. Sa te gen de ane long, men rezulta final yo plis pase tan datant lan."

Pandan ke yo pral ouvri pon an pou trafik nan de direksyon, yo ankouraje otomobilis yo pou yo kondui yon fason responsab atravè sit pwojè a pandan travay segondè ki gen ladann fèmen liy chak jou yo pral kontinye. Yo prevwa travay adisyonèl sou apwòch pon yo tankou enstalasyon bòdi, twotwa, drenaj fèmen ak pavaj adisyonèl, an 2025. Tout travay yo pwograme pou fini nan ete 2025 la.

Nan mwa out, Lejislasyon S.8101A/A.8187A onore Cherif Adjwen Konte Jefferson Michael J. Finerson, lè li chanje non State Route 12E ki travèse Rivyè Chaumont nan Chaumont kòm "Pon Memoryal Michael J. Finerson." Cherif Adjwen Finerson te mouri nan egzèsis fonksyon li an 1970.

**Enfòmasyon sou Depatman Transpò**

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)